



Pou Piblikasyon Imedya: 24/05/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

## GOUVÈNÈ CUOMO ANONSE KÒMANSMAN KONSTRIKSYON PWOJÈ REZISTANS NAN KONTE NIAGARA

*1.6 milyon dola ke yo akòde pou Vilaj Wilson pou elve waf la pral asire sekirite piblik ak itilizasyon rekreyatif kontini*

*Pwojè a te chwazi nan kad Inisyativ Rezistans ak Devlopman Ekonomik Gouvènè Cuomo a*

Gouvènè Andrew M. Cuomo te anonse jodi a kòmansman konstriksyon yon pwojè rezilyans pou 1.6 milyon dola, ke yo te akòde pou Vilaj Wilson, Konte Niagara, atravè [Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik](#) lan. Waf Towntown lan se yon sit rekreyatif, ke rezidan Vilaj yo ak vizitè nan kominote a frekante anpil. Waf la, ke yo itilize pou lapèch, lansman kayak, ak aksè piblik nan Lake Ontario, te sibi domaj estriktirèl anba van ak aksyon vag ki ogmante, ak monte nivo lak la. Pandan inondasyon rekò ki te rive an 2019 la, waf la te twouve li ak de (2) pye anba dlo, sa ki te rann estrikti a inaksesib epi li te poze yon risk sekirite pou itilizatè bato yo. Pwojè yo pwopoze a pral redwi risk sekirite yo epitou asire aksesibilite rekreyatif kontini.

"Pandan inondasyon ki te rive an 2019 la, anpil destinasyon touristik popilè nan tout Lak Ontario a ak Rivyè St. Lawrence lan te inaksesib, sa ki te afekte negativman rejyon ki te akeyi vizitè yo chak ane nan tout Eta a", **Gouvènè Cuomo te deklare**. "Atravè pwogram Inisyativ Rezilyans ak Devlopman Ekonomik (Resiliency and Economic Development Initiative, REDI), ak atravè patenarya Eta a avèk kominote ki afekte sa yo, nou ap travay ansanm pou asire ke si alavni evènman gwo dlo yo ta rive, sa pap anpeche vizitè yo aksede ak pwofite destinasyon bò lak yo, konsa sa ap sipòte ekonomi touris la ki vital pou minisipalite sa yo".

"New York angaje li pou li investi nan pwojè rezilyans epi pou li anpeche inondasyon nan kominote yo nan tout bò dlo Lak Ontario a", **Gouvènè Adjwen Kathy Hochul te deklare**. "Vilaj Wilson se yon pozisyon prensipal pou itilizasyon rekreyatif nan Lak Ontario a epi kòmansman konstriksyon an jodi a nan Waf Towntown (Towntown Pier) pral ede pwoteje li kont menas monte dlo yo epi asire ke li rete yon kote pou amizman pou jenerasyon alavni yo".

Mezi rezilyans yo ap egzekite nan waf la gen ladan:

- Monte estrikti a twa pye nan yon elevasyon 252', pou pèmèt waf la rete fasilman aksesib pandan evènman gwo dlo;
- Repare eskalye yo ki pèmèt aksè nan waf la apati bò rivaj la;

- Redwi alavni ewozyon atravè ajou anwòchman nan tout bò rivaj la;
- Konstriksyon yon nouvo twalèt pibli; epi
- Amelyore espas paking yo.

**Rossana Rosado, ki se Sekretè Deta Eta New York, te deklare,** "Gras ak inisyativ REDI Gouvènè Cuomo a, nou ap ede kominote Lak Ontario yo revitalize bò dlo yo a epi ranfòse rezilyans kont evènman inondasyon alavni ansanm ak chanjman klimatik. Amelyorasyon ki ap fèt nan Waf Townline Wilson lan pral ede kreye yon kondisyon ki plis an sekirite epi ki pi rezilyan kont inondasyon, entwodwi nouvo enstalasyon ak amelyore aksesibilite pou rezidan yo ak vizitè nan pòtay Lak Ontario. Depatman Eta fyè pou li travay avèk Vilaj Wilson ak ofisyèl eli li yo nan amelyore Waf Townline pou ede pwoteje resous rekreyatif enpòtan sa a ak estimile ekonomi lokal nou an".

**Komisè Pak Eta yo, Erik Kulleseid te deklare,** "Akòz chanjman klimatik ke moun lakòz la, pral genyen epizòd gwo dlo alavni nan waf Wilson. Gras ak angajman Gouvènè Cuomo pou ogmante rezilyans nan tout bò rivaj Lak Ontario a, waf sa a pral kapab reziste pi byen defi sa yo alavni epi li ap rete ouvè pou itilizasyon piblik san danje nan ane ki ap vini yo nan kad ekonomi rekreyatif reyonal la".

**Ko-Prezidan REDI ak Komisè Pwovizwa Prezidan ak Direktè Egzekitif Jeneral Empire State Development (ESD) lan, Eric Gertler, te deklare,** "Nouvo waf ke elve a nan Wilson fè pati efò san presedan Gouvènè Cuomo ap fè pou rebati pi byen nan zòn ki afekte ak domaj inondasyon yo. Pwojè waf la kapitalize sou avantaj ekonomik pwopriyete bò dlo a lè li bay aksè fasil nan bèl Lak Ontario a pou yon gwo varyete aktivite rekreyatif yo ni pou rezidan yo ak pou touris yo".

**Komisè Depatman Konsèvasyon Anviwònmanal (Department of Environmental Conservation, DEC) Eta New York la ak Ko-Prezidan Komisyon REDI a, Basil Seggos te deklare,** "Kominote yo nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo te fè fas ak difikilte grav nan dènye ane yo apre plizyè evènman gwo dlo yo. Kòmansman konstriksyon sou pwojè sa a nan vilaj Wilson make yon gwo pa enpòtan nan angajman Eta New York pou fè avanse pwojè yo ki ap ede atenn objektif REDI yo nan bati kominote ki pi rezilyan epi ki pi dirab. Pwojè Waf Townline la bay yon solisyon alontèm ki pral asire kominote bò rivaj ki vilnerab yo genyen aksè ki fyab nan waf la pandan gwo dlo yo epi ke bò rivaj la pwoteje kont inondasyon alavni".

**Prezidan Lejislati Konte Niagara a, Becky Wydysh, te deklare,** "Pwogram REDI a te enpòtan nan reyalize plizyè pwojè enpòtan nan tout bò lak Konte Niagara a ki ap avanse pou fè fas ak konsekans inondasyon Lak Ontario yo ak difikilte ekonomik li te lakòz yo. Waf Townline la nan Vilaj Wilson, ki te anba de (2) pye anba dlo, pral pwoteje kounye a, sa ki ap ogmante itilizasyon piblik ak opòtinite pou devlopman yo. Mwen remèsye ofisyèl Eta a yo pou sipò yo nan tout pwojè REDI yo epi mwen vle remèsye kòlèg mwen, Lejislatè Dave Godfrey ak Majistra Vilaj Wilson lan, Art Lawson pou tout efò yo a pou yo fè pwojè Waf Townline reyalize".

**Majistra Vilaj Wilson lan, Arthur Lawson, te deklare,** "Moun nan tout rejyon an ak nan anpil nan rezidan kominote nou yo te pwofite Waf Townline lan pandan plizyè ane. Inondasyon san presedan ki te rive an 2017 la epi ankò an 2019 te sibmèje konplètman Waf Townline la, sa ki te kreye anpil pwoblèm. Lè nou rebati ak estabilize waf sa a nou pa sèlman ap rebati enfrastrikti enpòtan sa a men nou ap kreye yon atraksyon ki vital pou rebati endistri touris nou an".

Nan repons ak chema inondasyon pwolonje nan tout bò rivaj Lak Ontario ak Rivyè St. Lawrence yo, Gouvènè Cuomo te kreye REDI a pou ogmante rezistans kominote bò rivaj yo epi estimile devlopman ekonomik nan rejyon an. Yo te etabli senk Komite Planifikasyon Rejyonal (Regional Planning Committees) REDI yo, ki gen reprezantan ki soti nan uit konte (Niagara ak Orleans, Monroe, Wayne, Cayuga ak Oswego, ak Jefferson ak St. Lawrence) pou idantifye priyorite lokal yo, enfrastrikti ki gen risk ak lòt resous yo, ak enkyetid konsènan sekirite piblik la. Komisyon REDI a te atribye 20 milyon dola pou bay pwopriyetè kay yo asistans, 30 milyon dola pou amelyore rezistans biznis yo, ak 15 milyon dola pou yon efò dragaj rejyonal ke chak nan uit konte nan rejyon REDI yo ap benefisye. Yo te atribiye balans 235 milyon dola ki rete a, bay pwojè lokal ak rejyonal ki fè avanse epi montre egzanp misyon REDI a.

Anba enstriksyon Gouvènè Cuomo, Komisyon REDI a te vizite zòn ki te frape anpil anba inondasyon Lak Ontario yo epi li te travay avèk kominote lokal yo pou vini avèk yon nouvo vizyon pou bò rivaj la nan yon pwendvi ki chita alafwa sou rezistans ak devlopman ekonomik dekwa pou rekonstwi pi byen ak pi solid alavni.

Depi kreyasyon pwogram REDI Gouvènè a nan prentan 2019, 133 pwojè lokal ak rejyonal REDI finanse yo ankou, ki enkli 100 pwojè nan faz konsepsyon, 19 pwojè nan faz konstriksyon ak 14 pwojè ki konplete.

Nou kapab jwenn enfòmasyon anplis, pwofil pwojè yo, ak nouvèl sou REDI, klike [isit la](#).

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta New York | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)